

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8<sup>ÈME</sup> ANE

HAITIAN CREOLE EDITION  
SOCIAL STUDIES—GRADE 8  
MULTIPLE-CHOICE &  
CONSTRUCTED-RESPONSE QUESTIONS  
BOOKLET 1

# EGZAMEN NIVO ENTÈMEDYÈ SYANS SOSYAL

**PREMYE TILIV**

**KESYON CHWA MILTIP AK REPONS KONSTWI**

**2 JEN 2009**

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati I ak II egzamen an.

**Pati I** an genyen 45 kesyon ak chwa miltip. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** konpoze ak plizyè kesyon ki mande repons kout. Ekri repons Pati II ou yo nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou reponn **tout** kesyon ki nan Premye Tiliv la.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.**

Copyright 2009

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK  
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT  
ALBANY, NEW YORK 12234



## Pati I

### ENSTRIKSYON

Genyen 45 kesyon nan Pati I tès la. Chak kesyon gen kat (4) chwa repons, ki nimewote 1–4. Li chak kesyon ak atansyon. Deside ki mo oubyen ki ekspresyon, nan sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen repons kesyon an. Sou fèy repons separe a, pou ou ka make repons kòrèk la, ranpli ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a sou liy ti sèk ki genyen pou chak kesyon yo. Itilize yon kreyon pou make fèy repons lan.

Li egzamp kesyon anba a.

#### Egzamp Kesyon

Ki vil ki se kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C..
- (3) Vil New York
- (4) Filadèlfia

Repons kòrèk la se **Washington, D.C.**, ki se chwa nimewo **2**. Sou fèy repons lan, gade bwat ki montre liy ki gen ti sèk repons yo pou kesyon egzamp lan. Kòm chwa nimewo **2** a se repons kòrèk pou kesyon egzamp lan, ti sèk nimewo **2** a ranpli.

Reponn tout kesyon nan Pati I yo menm jan an. Ranpli yon ti sèk sèlman pou chak kesyon. Si ou vle chanje yon repons, fòk ou si ou efase li konplètman. Ou gendwa pa konnen repons pou tout kesyon yo, men fè tout efò ou kapab ak chak kesyon.


Lè ou fini Pati I, ale touswit nan Pati II.

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki genyen nan pati sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 sou tablo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.


#### Senk Klas Moun nan Nouvèl Espay



- 1 Devlopman senk klas sosyal sa yo nan Nouvèl Espay se te rezulta
  - (1) kolonizasyon
  - (2) endistriyalizasyon
  - (3) izolasyonis
  - (4) patriyotis


---
- 2 Anpil antwopològ kwè moun ki te soti nan Lazi te travèse yon pon tèrès pou ale an Amerik Dinò pou
  - (1) chape anba pèsekisyon reliye
  - (2) chase bêt migratè
  - (3) kaptire pèp natif natal ki nan rejyon sa a
  - (4) chèche lò ak lòt richès
- 3 Ki sitiyasyon ki bay pi bon prèv Iroquois yo (Haudenosaunee) te adapte yo nan anviwònman fizik yo?
  - (1) yo abite nan kay long ki fèt avèk bwa ak ekòs
  - (2) yo pale yon lang ki diferan de lang vwazén yo pale
  - (3) yo devlope yon alyans avèk Algonquin yo
  - (4) yo mete fi pami moun k ap dirije yo
- 4 Bizon se te sous prensipal pou manje, pou kay, pou rad ak zouti pou Ameriken Endyen Natif Natal yo ki te nan
  - (1) Sidès
  - (2) Kot Pasifik la
  - (3) Rejyon bwaze nan zòn lès yo
  - (4) Great Plains
- 5 Ki devlopman ki te mennen twa lòt yo?
  - (1) Nouvo maladi vin parèt.
  - (2) Komès esklav Afriken yo agrandi.
  - (3) Ewopeyen yo eksploré Amerik yo.
  - (4) Endyen Ameriken Natif Natal yo pèdi tè yo.
- 6 Nan trèz koloni Britanik yo, sèl moun ki te kapab vote se te
  - (1) kolon ki te fèt ann Amerik
  - (2) gason ki te gen pwopriyete
  - (3) fi ki te ka li ak ekri
  - (4) moun ki te sot ann Angletè

Baze repons ou pou kesyon 7 la sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Harold H. Eibling, et al.,  
*Foundations of Freedom: United States History to 1877*,  
Laidlaw Brothers (adapte)

Baze repons ou pou kesyon 9 la sou ilistrasyon ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *The New Exploring American History*, Globe (adapte)

- 9 Ki lide prensipal ilistrasyon sa a?
- (1) Lwa gouvènman Britanik lan te pase yo te limite kolon yo.
  - (2) Wa Angletè a te vle pou kolon yo genyen plis vwa nan gouvènman an.
  - (3) Wa George III te mete anpil kolon Ameriken nan antrav ki fèt an bwa.
  - (4) Sèl fason pou yo te soti nan antrav sa yo se lè yo te anile lwa ki pa t popilè yo.

10 Sistèm mèkantilis Britanik la te fèt pou

- (1) fèmen komès nan Boston Harbor
- (2) ankouraje komès andeyò Anpi Britanik lan
- (3) favorize enterè ekonomik Grann Bretay
- (4) anpeche pou yo fè eleksyon lokal nan trèz koloni yo

11 Nan Konvansyon Konstitisyonèl la (1787), Gran Konpwomi an te rezoud pwoblèm reprezentasyon kongresyonèl la lè li

- (1) limite manda lejislatè ki eli yo
- (2) pèmèt moun vote dirèkteman pou senatè yo
- (3) kreye yon lejislati bikameral (ki gen de chamm)
- (4) enkli kolèj elektoral la


- 7 Gouvènman Britanik la te etabli Liy Pwoklamasyon ane 1763 a prensipalman pou
- (1) evite konfli avèk Endyen Ameriken Natif Natal yo
  - (2) ankouraje komès fouri
  - (3) agrandi trèz koloni yo
  - (4) bay aksè nan Larivyè Mississippi a

- 8 Ki deklarasyon ki te fèt ann ivè 1777-1778 konsènan Valley Forge ki pi egzat?
- (1) Kondisyon yo nan Valley Forge te mete yon fen nan espwa pou endependans Ameriken.
  - (2) Lwayalis yo te dekorajye akoz kèk rapò ki te soti nan Valley Forge.
  - (3) Valley Forge se te yon kote ki te bay sòlda Jeneral Washington yo anpil difikilite
  - (4) Batay nan Valley Forge la se te moman kritik nan Lagè Revolisyònè a.

- 12 Yo te ajoute dis premye amannman yo nan Konstitisyon an pou
- retire kèk pòsyon nan Konstitisyon orijinal la
  - pwoteje libète endividyèl kont pouvwa gouvènman an
  - fè kèk chanjman nan pwosesis eleksyon an
  - ogmante pouvwa branch lejislatif la
- 14 An 1825, Vil New York te konekte avèk Gran Lak yo avèk ouvèti
- Kanal Erie
  - Kanal Champlain
  - Wout Nasional
  - Chemennfè Santral New York

Baze repons ou pou kesyon 13 la sou graf ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Ekspòtasyon Etazini 1800 – 1812



Sous: *Historical Statistics of the United States* (adapte)

- 13 Ki deklarasyon enfòmasyon ki sou graf la sipòte pi aklè?
- Gouvènman Etazini an te ankouraje komès ant nasyon ki te nan lagè.
  - Evènman ann Ewòp yo te gen yon efè sou komès Ameriken.
  - Lwa sou Anbag a te imedyatman ogmante komès avèk Ewòp.
  - Lafrans ak Grann Bretay te sezi bato Ameriken yo pou machandiz yo t ap pote.

- 14 An 1825, Vil New York te konekte avèk Gran Lak yo avèk ouvèti
- Kanal Erie
  - Kanal Champlain
  - Wout Nasional
  - Chemennfè Santral New York
- 15 Pandan ane 1840 yo, Ameriken te aplike lide Destine Manifès la pou jistifye
- ekspansyon dwa fanm
  - akizisyon nouvo teritwa
  - kòmansman edikasyon piblik gratis
  - revokasyon Konpwomi Missouri a

Baze repons ou pou kesyon 16 la sou piblisite jounal ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

#### *Rekonpans \$150 [pou yon esklav ki sove]*

... M ap bay rekompans \$50 si yo kenbe l nan Louisville; **100** dola si yo kenbe l san mil de Louisville nan Eta sa a, epi **150** dola si yo kenbe l andeyò Eta sa a, epi yo pote l tounen ban mwen, oswa yo mete l nan nenpòt prizon pou m ka al chèche l.

William Burke,  
Bardstown, Ky.  
3 septanm 1838

Sous: Library of Congress

- 16 Ki konklizyon ou ka tire nan piblisite jounal sa a?
- Chemennfè Souteren an te yon echèk.
  - Pwopriyetè esklav yo te kwè esklav yo se pwopriyete yo ye.
  - Anpil moun ki te esklav te vin rich nan Lenò.
  - Si esklav yo te gen tan rive nan Lenò, yo pa t ap peye rekompans yo.

17 Ki tit ki pi byen konplete plan pasyèl ki anba a?

I.

- A. Yo te pibliye *Uncle Tom's Cabin*
- B. Kongrè te pase Lwa Kansas-Nebraska
- C. John Brown te alatèt atak nan Harpers Ferry

(1) Enpak Endistriyalizasyon

(2) Fèmen Fwontyè a

(3) Direksyon Politik

(4) Evènman ki te Mennen nan Lagè Sivil la

18 Ki dokiman ki konsidere kòm yon sous prensipal nan Lagè Sivil la?

- (1) yon byografi konsènan lavi yon jeneral nan lagè a
- (2) yon lèt madanm yon sòlda te ekri l pandan lagè a
- (3) yon atik nan ansiklopedi konsènan fanm nan lagè a
- (4) yon dokimantè sou tretman medikal yo te itilize pandan lagè a

19 Yo te ajoute 13èm, 14èm ak 15èm amannman yo nan Konstitisyon an pandan peryòd Rekonstriksyon an pou

- (1) mete fen nan Lagè Sivil la
- (2) limite pouwwa prezidan an
- (3) amelyore fonksyon kolèj elektoral la
- (4) bay Afriken Ameriken yo dwa legal

20 Yon avantaj gwo konpayi yo nan fen ane 1800 yo te genyen sou moun ki te fè biznis endividiyèl sèke gwo konpayi yo

- (1) te bezwen mwens anplwaye
- (2) te anplwaye travayè ki kalifye sèlman
- (3) te resevwa sipò nan men sendika travayè yo
- (4) te gen aksyonè ki te envesti lajan

21 Kongrè a te pase lwa kont monopol tankou Sherman Antitrust Act la nan yon efò pou l

- (1) reglemante pouwwa gwo konpayi yo
- (2) limite machandiz yo empòte abonmache
- (3) ankouraje plis imigrasyon
- (4) ofri pwodwi ki san danje pou konsomatè yo

Baze repons ou pou kesyon 22 ak 23 yo sou powèm ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

... “Kenbe tè ansyen yo, ponp lejandè w!” li kriye An silans. “Ban mwen moun ou yo ki fatige, ki pòv, Mas ou yo ki antase ansanm ki vle respire lib, Dechè mizerab rivaj gwouyan w lan. Voye yo, sa yo ki sanzabri, sa yo tanpèt la balote, voye yo ban mwen, Mwen leve lanp mwen akote pòt dore a!”

— Emma Lazarus, “The New Colossus”

22 Nan powèm sa a, fraz “sanzabri, moun tanpèt la balote” ap pale de

- (1) sòlda yo
- (2) imigran yo
- (3) moun ki siviv yon bato ki koule
- (4) travayè ki nan chomaj

23 Sou ki pwen repè nasyonal w ap jwenn powèm sa a?

- (1) Plymouth Rock
- (2) Lincoln Memorial
- (3) Estati Lalibète
- (4) Independence Hall

24 Pwodiksyon an mas se yon ekspresyon yo ka pi byen defini kòm

- (1) kantite èdtan anplwaye yo oblige travay
- (2) fabrikasyon yon pwodwi an grann kantite rapidman epi abonmache
- (3) benefis yon gwo biznis oswa konpayi fè
- (4) fòmasyon yon antrepriz monopòl


25 An 1906, piblikasyon liv Upton Sinclair la *The Jungle* te ede ekspose

- (1) tretman enjis fanm t ap sibi
- (2) kriyote lagè epòk modèn lan
- (3) kondisyon de vi danje nan apatman yo
- (4) kondisyon salte ki egziste nan endistri vyann lan

- 26 Ki seri evènman ki gen rapò ak Premyè Gè Mondyal la ki nan lòd kwonologik ki kòrèk la?
- (1) *Lusitania* te koule → Premyè Gè Mondyal kòmanse → Etazini deklare lagè kont Almay → Yo te asasinen Achidik Otrich-Ongri a
- (2) Yo te asasinen Achidik Otrich-Ongri a → Premyè Gè Mondyal kòmanse → *Lusitania* te koule → Etazini deklare lagè kont Almay
- (3) Yo te asasinen Achidik Otrich-Ongri a → Etazini deklare lagè kont Almay → *Lusitania* te koule → Premyè Gè Mondyal kòmanse
- (4) Etazini deklare lagè kont Almay → Yo te asasinen Achidik Otrich-Ongri a → Premyè Gè Mondyal kòmanse → *Lusitania* te koule

Baze repons ou pou kesyon 27 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Sèl Fason Pou Règle Sa



Sous: Milton Halladay, *Providence Journal* (adapte)

- 28 Nan kòmansman ane 1930 yo, yo te rele anpil nan kominate Ameriken ki sanzabri yo "Hoovervilles" paske Prezidan Herbert Hoover
- (1) te grandi nan yon zòn ki te gen povrete  
 (2) te garanti djòb pou moun ki pa t ap travay  
 (3) te bay pòv yo manje ak rad  
 (4) te anpeche yo bay èd federal dirèk pou moun ki pa t ap travay yo
- 29 Pandan Gwo Depresyon an, yon objektif prensipal diskou politik amikal Prezidan Franklin D. Roosevelt yo se te pou
- (1) rasire moun yo sou lavnî ekonomi an  
 (2) konvenk moun ki t ap koute l yo pou yo achte bon defans nasyonal la  
 (3) ankouraje bankye yo pou yo fè don avèk lajan yo  
 (4) ede agrikiltè yo peye lajan yo te prete

- 30 Ki evènman ki te fè Etazini rantre nan Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) eleksyon Hitler kòm Chanselye Almay  
 (2) Almay anvayi Polòy  
 (3) atak Japon sou Pearl Harbor  
 (4) Itali fè konkèt Etyopi

- 27 Desen sa a nan ane 1920 yo montre gouvènman Etazini an k ap eseye trete

- (1) komès etranje  
 (2) blokis nan transpòtasyon  
 (3) imigrasyon  
 (4) travayè migran

**ALE NAN LÓT PAJ LA ⇨**

Baze repons ou pou kesyon 31 ak 32 sou tableo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

<b>Patisipasyon Etazini nan Premye ak Dezyèm Gè Mondyal</b>		
<b>Kategori</b>	<b>Premye Gè Mondyal</b>	<b>Dezyèm Gè Mondyal</b>
Kantite Sòlda Fòs Lame yo	4,743,826	16,353,659
An mwayèn kantite tan sòlda yo pase nan sèvis mil-	12 mwa	33 mwa
Pousantaj Sòlda ki sèvi Aletranje	53%	73%
An mwayèn kantite tan sòlda yo pase aletranje	5.5 mwa	16.2 mwa
Kantite viktим	320,710	1,078,162

Sous: *One Flag, One Land, Silver, Burdette & Ginn*

31 Ki kategori ki bay enfòmasyon sou kantite sòlda ki te mouri oswa ki te blese pandan gè yo?

- |                       |   |
|-----------------------|---|
| (1) Kantite viktим    | (3) Kantite tan an mwayèn yo sèvi aletranje |
| (2) Gwosè fòs lame yo | (4) Pousantaj moun ki sèvi aletranje        |

32 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan tableo a sipòte pi aklè?

- |   |
|---|
| (1) Patisipasyon Etazini nan Premyè Gè Mondyal la te dire apeprè twazan.                |
| (2) Etazini te pi byen prepare pou l konbat nan Premyè Gè Mondyal la.                   |
| (3) Etazini te rantre nan Dezyèm Gè Mondyal la nan kòmansman lagè a.                    |
| (4) Dezyèm Gè Mondyal la te gen yon pi gwo enpak sou Etazini pase Premyè Gè Mondyal la. |

33 Ki evènman nan Dezyèm Gè Mondyal la yo rele Olokòs la?

- |  |
|--|
| (1) envazyon Nòmandi                                       |
| (2) Mach Lanmò Bataan an                                   |
| (3) lansman bonm atomik lan sou Iwochima                   |
| (4) masak Jwif Ewopeyen yo, boyemyen yo ak lòt minorite yo |

34 Depi 1960, yon kokennchenn objektif mouvman pou dwa Ameriken Endyen Nativ Natal yo se pou

- |   |
|---|
| (1) rejwenn tè gouvènman an te pran nan men yo a oswa jwenn konpansansyon ekitab pou tè sa yo |
| (2) mete fen nan pratik segregasyon Ameriken Endyen Nativ Natal yo nan plas publik yo         |
| (3) jwenn sitwayènte ameriken ak reprezantasyon nan Kongrè a                                  |
| (4) mennen pifò Ameriken Endyen Nativ Natal al abite nan zòn iben nan Midwès la               |

35 Ki metòd Martin Luther King Jr. te itilize pou mete fen nan segregasyon rasyal?

- |   |
|---|
| (1) ajitasyon sivil vyolan                |
| (2) manifestasyon gouvènman an te finanse |
| (3) revolisyon nasyonal                   |
| (4) rezistans pasiv                       |

36 Eskandal Watergate la te lakoz Prezidan Richard Nixon demisyone paske li te

- |  |
|--|
| (1) apwouve zak ilegal an tout konesans                    |
| (2) febli fòs militè peyi a seryezman                      |
| (3) favorize amelyorasyon nan relasyon avèk Lachin Kominis |
| (4) koze kriz petwòl 1973 – 1974 la                        |


- 37 Nan kòmansman ane 1990 yo, Lagè Fwad la te fini prensipalman akoz
- (1) kreyasyon Inyon Ewopeyen an (EU)
  - (2) siyati Trete pou Rediksyon Zam Estratejik (SALT)
  - (3) Viktwa Etazini nan Lagè Gòlf Pèsik la
  - (4) Efonnan Inyon Sovyetik
- 38 Sikonstans yo dekri nan pasaj sa a te pi dirèkteman gen rapò ak
- (1) eksperyans pandan Middle Passage la
  - (2) kondisyon sou Trail of Tears la
  - (3) rezulta Lwa sou Esklav Fijitif la
  - (4) baz pou refòme sistèm rekompans lan
- 39 Ki prezidan ki te kòmanse pwogram ki dekri nan pasaj sa a?
- (1) George Washington (3) Andrew Jackson
  - (2) John Adams (4) Abraham Lincoln
- 40 Yon fason komès esklav Atlantik la nan ane 1600 ak 1700 yo, imigrasyon Ilandè yo nan ane 1800 yo, ak imigrasyon Azyatik ak Amerik Latin yo sanble sèke yo chak te kontribye nan
- (1) kolonizasyon Amerik Dinò Britanik
  - (2) kwasans sistèm plantasyon nan Lesid
  - (3) divèsite kiltirèl Ozetazini
  - (4) deklen enperyalis

Baze repons ou pou kesyon 38 ak 39 sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

“... Anlèvman Endyen Cherokee yo nan kay yo te abite pandan tout lavi yo nan ane 1838 te jwenn mwen, yon jèn gason nan prentan lavi a ak yon sólda nan Lame Amerikèn lan. Paske m te konnen anpil nan Endyen yo epi mwen te kapab pale lang yo kouramman, yo te voye m sèvi kòm entèprèt nan Smoky Mountain Country an me 1838, epi mwen te temwen egzekisyon ki te pi brital nan listwa Lagè Amerikèn. Mwen te wè yo te arete epi trennen Cherokee yo sot lakay yo, epi yo te kondwi yo avèk bayonèt pwente sou yo nan palisad yo. Epi yon maten nan mwad oktòb nan fredi ak lapli, mwen te wè y ap anbake yo tankou bëf ak mouton nan sis san karann senk charyo epi yo ta prale nan direksyon lwès. . . .”

— Private John G. Burnett, Captain Abraham McClellan's Company, 2nd Regiment, 2nd Brigade, Mounted Infantry, 1838–1839


Baze repons ou pou kesyon 41 an sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Burt Thomas, *Detroit News*, reprinted in *New York Times*, September 10, 1939 (adapte)

- 41 Desen sa a ilistre atitud publik Ameriken an pou reponn a
- (1) kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la
  - (2) revokasyon Pwoyibisyon
  - (3) kreyasyon Sosyete Nasyon yo
  - (4) efè Gwo Depresyon an

Baze repons ou pou késyon 42 a sou òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



42 Ki tit ki apwopriye pou òganizatè grafik sa a?

- (1) Refòm ki gen rapò ak Peryòd Pwogresif la
  - (2) Evènman ki asosye avèk Gwo Depresyon an
  - (3) Pwogram "Square Deal" (Aranjman Ekitab) la pwopoze
  - (4) Pwoblèm Ekonomik ki te Rive Aprè Dezyèm Gè Mondyal la
- 

Baze repons ou pou késyon 43 a sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.




Sous: Clifford Berryman, May 18, 1948, National Archives (adapte)

43 Ki prensip kloti ki nan desen an reprezante?

- |                      |                       |
|----------------------|-----------------------|
| (1) revizyon jidisyè | (3) sipremasi federal |
| (2) kontwòl lokal    | (4) separasyon pouvwa |
- 

Baze repons ou pou késyon 44 ak 45 yo sou graf ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Komès Etranje, 1900–1980



Sous: *Statistical Abstract of the United States* and *Historical Statistics of the United States*

44 Selon graf sa a, nan ki ane Etazini te anrejistre yon balans nan komès ki pa favorab (defisi komèsyal)?

- |          |          |
|----------|----------|
| (1) 1920 | (3) 1960 |
| (2) 1940 | (4) 1980 |

45 Ki jeneralizasyon ki vrè pou pifò nan ane yo montre sou graf la?

- (1) Enpòtasyon jeneralman te depase ekspòtasyon.
  - (2) Tarif yo pa t fè anpil efè sou komès entènasyonal.
  - (3) Ni ekspòtasyon ni enpòtasyon te gen tandans pou ogmante avèk letan.
  - (4) Kondisyon ekonomik andedan peyi a pa t gen anpil enpak sou komès etranje.
- 

### POU PWOFÈSÈ ITILIZE SÈLMAN

Part I Score \_\_\_\_\_

## Pati II

*Enstriksyon:* Ekri repons ou pou kesyon ki swiv nan espas yo bay nan tiliv egzamen sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 jiska 3 yo sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### Deklarasyon Endepandans (1776)

. . . Nou kwè verite sa yo evidan pou tèt yo, tout moun te kreye egal ego, epi kreyatè yo te bayo kèk dwa pèsòn paka retire, epi pamì dwa sa yo genyen lavi, libète ak pouswit bonè. —Kidonk pou garanti dwa sa yo, lèzòm itilize gouvènman ki alatèt yo, epi pouvwa gouvènman an genyen se nan men moun l ap gouvène yo li jwenn li, —Epi toutlèfwa nenpòt fòm gouvènman vin paka garanti dwa sa yo ankò, se dwa pèp la pou l fè yon chanjman oswa pou l aboli gouvènman an. . .

### Deklarasyon Santiman Seneca Falls (1848)

. . . Nou kwè verite sa yo evidan pou tèt yo; tout gason ak tout fanm te kreye egal ego; epi kreyatè yo te bayo kèk dwa pèsòn paka retire; epi pamì dwa sa yo genyen lavi, libète ak pouswit bonè; kidonk pou garanti dwa sa yo, lèzòm itilize gouvènman ki alatèt yo, epi pouvwa gouvènman an genyen se nan men moun l ap gouvène yo li jwenn li. Toutlèfwa nenpòt fòm gouvènman vin paka garanti dwa sa yo ankò, se dwa moun k ap soufri akoz de sa pou refize ba li alejans. . .

- 1 Selon Deklarasyon Endepandans lan, kiyès yo kreye egal ego? [1]

---

---

Score

- 2 Di **yon** fason Deklarasyon Santiman “Seneca Falls” la te diferan ak Deklarasyon Endepandans lan. [1]

---

---

Score

- 3 Poukisa Deklarasyon Santiman “Seneca Falls” la te baze sou ide ou jwenn nan Deklarasyon Endepandans lan? [1]

---

---

Score

Baze repons ou pou késyon 4 jiska 6 sou plan ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

### **Plan sou Relasyon ant Etazini ak Kiba**

#### **I. Anvan Dezyèm Gè Mondyal la**

- A. Prezidan James Polk ak Prezidan Franklin Pierce eseye achte Kiba nan men Lespay (1848, 1854)
- B. Etazini chase Espanyòl yo epi li fè konkèt Kiba pandan Lagè Espanyòl-Ameriken an (1898)
- C. Etazini fè Kiba vin yon pwotektorat epi etabli yon baz naval nan Guantanamo Bay (1903)
- D. Etazini voye twooup li yo pou okipe Kiba pandan kèk peryòd kout (1906-1933)
- E. Etazini sipòte diktatè Kiben an Fulgencio Batista ann echanj pou tretman amikal pou biznis Ameriken yo nan Kiba (1933-1944)

#### **II. Aprè Dezyèm Gè Mondyal la**

- A. Batista pran kontwòl Kiba nan yon koudeta, li dirije avèk sipò Etazini (1952-1959)
- B. Fidel Castro vin gen kontwòl Kiba apre yon revolisyon kominis (1959)
- C. Castro sezi pwopriyete gouvènman Ameriken an nan Kiba (1959-1960)
- D. Etazini mete yon anbago sou komès avèk Kiba (1960)
- E. Kiba siyen yon akò amitye avèk Inyon Sovyetik (1960)
- F. Refijye Kiben ki te gen sipò Etazini pat reyisi dechouke Castro nan “Bay of Pigs” (1961)
- G. Kriz misil Kiben an (1962)

4 Ki jan Prezidan Polk ak Prezidan Pierce te eseye gen kontwòl Kiba? [1]

Score

5 Di **de** pwoblèm ki te genyen ant Etazini ak Kiba aprè Dezyèm Gè Mondyal la. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

6 Di **de** rezon ki fè Ameriken te gen yon enterè alontèm nan Kiba. [2]

(1) \_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

Baze repons ou pou kesyon 7 jiska 9 sou afich ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

**Afich Dezyèm Gè Mondyal**



Sous: Lawrence B. Smith, U. S. Treasury, 1942,  
National Archives and Records Administration

- 7 Nan afich sa a, ki sa gouvènman an ap mande Ameriken yo achte pandan Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

Score


- 8 Ki sa tit ki anba afich la ki make, "Piga Kite Lonbraj sa a Touche Yo," vle di? [1]

Score

- 9 Poukisa afich tankou sa a te enpòtan pou lagè gouvènman Etazini an t ap antreprann? [1]

Score

Baze repons ou pou kesyon 10 jiska 12 sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: John R. O'Connor et al., *Exploring United States History*, Globe Book Company

10 Identifie **de** pwogram kote gouvènman an ap depanse lajan tankou yo montre sa nan desen sa a. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

11 Poukisa bokit sòlda a kenbe a ki make Vyvetnam lan pi gwo pase bokit Gran Sosyete a? [1]

\_\_\_\_\_

Score

12 Ki mesaj desinatè a eksprime nan desen sa a? [1]

\_\_\_\_\_

Score

**POU PWOFESÈ ITILIZE SÈLMAN**

**Part II Score \_\_\_\_\_**